

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Sabada ngaliwatan léngkah-léngkah panalungtikan pikeun nalungtik kamampuh nulis aksara Sunda, kahontal sawatara udagan panalungtikan anu ditepikeun saméméhna.

Udagan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK satata sa-Jawa Barat dina pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018.

Pikeun nganalisis ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Téori anu digunakeun nyaéta téori Nurgiyantoro anu medar ngeunaan kamampuh nulis. Hasil tina ieu panalungtikan nya éta dipedar ieu di handap.

Kamampuh siswa dina nulis hurup konsonan meunang peunten A, kalawan perséntase 99.31%. Hartina siswa geus mampuh nulis hurup konsonan klayan hadé. Kasalahan anu dilakukeun ku siswa dina nulis konsonan jumlahna aya 165. Kalawan 73 kasalahan dina nulis konsonan **ja**, 38 konsonan **pa**, 8 kasalahan dina konsonan **sa**, 12 konsonan **na**, 8 konsonan **da**, 6 konsonan **ha**, 4 konsonan **ba**, 7 konsonan **ka**, 1 konsonan **ya**, 3 konsonan **nya**, 2 konsonan **ta**, 2 konsonan **ca**, 3 konsonan **ra**, 4 konsonan **ga**, 2 konsonan **wa**, jeung 1 konsonan **la**.

Lobana kasalahan dina konsonan **ja**, siswa masih loba nu ngagunakeun **ja** (j) vérsi 1.0.5, sedengkeun ja anu dipaké aturan dina pasanggiri nya éta **ja** vérsi 2. Anu bentuk layarna malik ka katuhu (②).

Kamampuh siswa dina nulis rarangkén meunang peunteun A, kalawan perséntase 98.36%. Kasalahan dina nulis rarangkén jumlahna 246. Kalawan 39 kasalahan dina *pamepet*, 6 *paneuleung*, 8 *pangwisad*, 31 *panéléng*, 42 *pamaéh*, 38 *panglayar*, 18 *panghulu*, 31 *pamingkal*, 3 *panyakra*, 14 *panyuku*, 13 *panyecek*, 3 *panyakra*, jeung 3 *panolong*.

Dina rarangkén lobana kasalahan aya di *pamaéh* kalawan jumlahna 42. Tina ieu rarangkén siswa teu maéhkeun kecap anu kuduna maké *pamaéh*.

Kamampuh siswa dina nulis vokal aksara Sunda meunang peunteun A, kalawan perséntase 98.08%. Jumlah kasalahan dina nulis vokal 39. Kalawan kasalahan vokal “é” aya 16, kasalahan vokal “i” aya 13, kasalahan vokal “a” aya 3, jeung vokal “u” aya 7.

Lobana kasalahan aya dina vokal “é” (ゑ) jumlahna 16. Ieu vokal patukeur jeung vokal “e” (ゑ). Siswa loba nu nuliskeun kuduna vokal é, ditulis vokal e.

Kamampuh siswa dina nulis angka meunang peunteun A, kalawan perséntase 91.1%. Jumlah kasalahan nulis angka aya 127. Kalawan kasalahan nulis angka ku konsonan aya 21, kasalahan tanda mutlak aya 72, kasalahan maké tanda kurung aya 10, jeung kasalahan patukeurna angka aya 24. Lobana ieu kasalahan aya dina tanda mutlak. Siswa masih kurang nulis tanda mutlak, aya nu nulis angka teu maké tanda mutlak, tanda mutlakna hiji, jeung aya nu nulis ku tanda kurung.

Tina sawatara kacindekan di luhur, bisa katitén yén kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda geus kawilang mampuh. Lantaran saupama ditilik tina nulis konsonan, rarangkén, vokal, jeung angka, siswa asup kana katégori alus pisan. Sedengkeun saupama ditilik tina hasil sakabéhna atawa sacara umumna siswa geus mampuh nulis aksara Sunda kalawan perséntase 63.22% asup kana katégori cukup. Nurutkeun Nurgiyantoro (dina Abbas, 2016, kc. 90), siswa nu mampuh atawa nu lulus nya éta siswa nu meunang peunteun C ka luhur. Ku kituna siswa geus mampuh nulis aksara Sunda kalayan hadé.

5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan, bisa digunakeun keur kahirupan sapopoé di masarakat. Boh keur pangajaran di sakola, boh pangajaran di luar sakola. Di sakola, jadi bahan ajar matéri aksara Sunda. Kitu ogé pangajaran di luar sakola, masarakat kudu wanoh kana ieu aksara. Lantaran aksara Sunda téh jadi lambang jati diri masarakat Jawa Barat. Ayeuna ku mekarna jaman, aksara ngalaman modifikasi sangkan bisa dipikaharti ku masarakat. Biasana sok dipaké nyieun

plang-plang jalan, tulisan dina banner, baligo, jeung sajabana. Harepanna tina ieu panalungtikan, sangkan ulah aya kasalahan deui dina nulis aksara Sunda, ogé bisa nulis atawa ngagunakeun aksara Sunda dumasar kana kaédah-kaédahna.

5.3 Rékoméndasi

Dina panalungtikan teu leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umumna ieu panalungtikan masih aya kahéngkéran, tapi tetep miharep aya kaonjoyan tina ieu panalungtikan keur kahadéan, utamana pikeun nambahann pangaweruh dina kaédah-kaédah nulis aksara Sunda. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sawatara rékoméndasi nya éta:

- 1) Pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun référénsi keur ka hareupna, nya éta dina unsur *kaéfékifan* nulis aksara Sunda.
- 2) Pikeun guru, jadi bahan diajar ka siswa. Sangkan ngajarkeun kaédah-kaédah nulis aksara Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, bisa dijadikeun cara pikeun ngawangun kaparigelan nulis aksara Sunda.